



**MINISIPALITE VIL PHILADELPHIA
LABORATWA TOKSIKOLOJI (MEDICAL EXAMINER'S OFFICE)
BIWO EGZAMINATÈ MEDIKAL LA (TOXICOLOGY LABORATORY)**

Pou yo kapab bay echantyon ADN yon defen pou analiz, fanmi ki pi pwòch defen an dwe ranpli yon fòm *Konsantman pou Teste ADN*. An plis fòm otorizasyon li gen pou ranpli a, fanm ki pi pwòch defen an dwe chwazi yon laboratwa pou fè tès ADN nan. Fòm sa a dwe gen non, adrès, ak nimewo telefòn laboratwa li chwazi pou fè tès ADN nan, ansanm ak nimewo referans laboratwa a si li konnen li. Laboratwa yo chwazi pou fè tès ADN nan pral voye kit ki apwopriye pou transfere echantyon an bay Laboratwa Toksikoloji Egzaminatè Medikal la.
Tanpri note Laboratwa Toksikoloji Egzaminatè Medikal la pa fè tès ADN.

Apatide 1ye avril 2017, laboratwa tokсikoloji nou a ap kenbe echantyon san pou tès ADN yo nèt. Si dat lanmò defen an se *avan* 1ye avril 2017, n ap kenbe ADN li pou yon ane apre dat lanmò a. Si yon echantyon san ta vin pa disponib, nou pral kenbe yon echantyon tisi pou yon ane apre dat lanmò a. Kapab gen kèk ka kote yon echantyon ADN pa disponib.

Nou pa ka bay okenn echantyon avan gen yon fòm *Konsantman pou Teste ADN* fanmi ki pi pwòch defen an ranpli, epi li chwazi yon laboratwa pou fè tès ADN nan. Si pa gen yon fanmi ki pi pwòch disponib, oswa li refize bay konsantman pou yo bay yon echantyon, y ap bezwen yon lòd tribinal pou bay nenpòt echantyon.

Si yo pa fin sèten kimoun ki fanmi ki pi pwòch la, y ap itilize lòd sa a:

1. Madam / mari legal defen an
2. Timoun majè defen an. (Li dwe gen 18 lane oswa plis.)
3. Paran defen an
4. Frè oswa sè majè defen an. (Li dwe gen 18 lane oswa plis.)

(POU TÈS PATÈNITE: N ap fè ou konnen nou pa konsidere manman timoun kòm fanmi ki pi pwòch amwenske li nan youn nan kategori yo ki anwo a.)

Si ou gen nenpòt kesyon sou kijan pou ou ranpli fòm *Konsantman pou Teste ADN* nan, ou mèt rele Biwo Egzaminatè Medikal la nan 215-685-7456.

Si ou pote li nan biwo nou an alamen, ou p ap bezwen notarye fòm nan men w ap bezwen bay yon prèv idantifikasyon w. Si ou voye li pa lapòs, ou dwe notarye fòm sa a epi voye li bay:

**Medical Examiner's Office – Record Room
400 N. Broad Street
Philadelphia, PA 19130**

Laboratwa ou chwazi pou fè tès ADN nan dwe kontakte Laboratwa Toksikoloji Egzaminatè Medikal la si yo gen nenpòt kesyon nan 215-685-7460. Apre nou fin verifye yon konsantman (oswa lòt tribinal) epi nou resevwa yon kit koleksyon, n ap bay echantyon an pou teste. **Laboratwa Toksikoloji Egzaminatè Medikal la pa resevwa okenn rezulta tès ADN.**



MINISIPALITE VIL PHILADELPHIA
 LABORATWA TOKSIKOLOJI (MEDICAL EXAMINER'S OFFICE)
 BIWO EGZAMINATÈ MEDIKAL LA (TOXICOLOGY LABORATORY)
400 N. Broad Street
 Philadelphia, PA 19130

Konsantman Pou Teste ADN

Enfòmasyon Defen an pou Responsab Legal / Fanmi pi Pwòch Defen an ranpli

Non Defen an: (*ekri an lèt detache*) _____ Gason Fi
 Prenon _____ Dezyém Prenon _____ Siyati _____

Dat Nesans Defen an: (*mwa/jou/ane*) _____ / _____ / _____

Dat Lanmò Defen an: (*mwa/jou/ane*) _____ / _____ / _____ No. Referans Dosye MEO _____
(Si li disponib)

Tip Tès ADN:	Laboratwa ou chwazi pou fè tès ADN nan: (tanpri ekri an lèt detache)		
<input type="checkbox"/> Patènne	Non: _____	Telefòn: _____	
<input type="checkbox"/> Matènité			
<input type="checkbox"/> Lòt	Adrès: _____	Adrès Imèl: _____	
	Vil / Eta / Kòd Postal: _____	Nimewo Referans: _____	<small>(si li disponib)</small>

Mwen, _____, se _____
(Non) (Relasyon) (Defen)
 epi mwen bay otorizasyon pou bay yon echantyon _____ pou fè tès ADN.
(Tip tès)

Siyati (*Fanmi ki pi pwòch / Responsab legal*) _____

Dat (*mwa/jou/ane*) _____

Adrès _____

Nimewo Telefòn _____

Ou pa bezwen notarye dokiman sa a si w ap siyen li devan yon manm pèsonèl Biwo Egzaminatè Medikal la (w ap bezwen monte idantifikasyon ou)

Notè Piblik:

So _____

Eta _____ Konte _____
 Nan _____ jou mwa _____, 20_____, sa a, devan mwen _____, ajan ki siyen anba a, moun ki rele
 _____, mwen konnen (oswa te bay ase prèv) se moun non li ekri nan dokiman sa a, epi mwen rekonèt
 _____ te fè menm bagay la pou rezon yo ki nan dokiman an.
 Se poutèt sa, mwen mete siyati mwen ak so ofisyèl mwen.

Siyati Notè Piblik la

For MEO use only/Sèlman MEO ka itilize la:

(Type of ID/ID number) _____ (MEO employee signature) _____